

Anèks D

Dr. Phi Tran MOVE letter for MH patients DRAFT, will need translation to VIETNAMESE.

12 out 2024

Chè pasyan,

Ou resevwa lèt sa a poutèt nou wè nan dosye nou yo doktè premye swen k ap suiv ou a se **Dr. Phi Tran**. Ou siman deja konn sa men Carney Hospital ap fèmen ozanviwon 31 out 2024. Aksè ou gen nan swen primè yo p ap chanje.

N ap ekri w pou n fè w konnen biwo Dr. Tran ap nan yon nouvo lokal pratik sou kanpis lopital la. L ap kontinye wè pasyan nan biwo kote li ye alèkile a jouk 28 out 2024. Apre dat sa a, Dr. Tran ap suiv pasyan li yo nan :

**2110 Dorchester Avenue, Suite 209  
Dorchester, Massachusetts**

Si w gen randevou ki deja pwograme , randevou sa ap fèt nan menm lè epi menm dat li te pwograme a men se nan nouvo biwo ki site anwo a. Malgre adrès nou an ap chanje, nimewo telefòn nou an p ap chanje :

**617-506-4970**

Dr. Tran e pèsònèl nou an pa ka tann pou yo akeyi w lè w vin konsilte nan nouvo biwo a.

Tanpri, konnen n ap toujou gen menm sistèm pou dosye medikal elektwonik la kifè dosye medikal ou yo ap toujou sekirize pou n ka founi w menm gwo kalite swen ou abitye resevwa nan men nou. Pa gen anyen pou w fè pou sa ki konsène dosye medikal ou yo.

Si w gen pou w pran yon randevou oubyen gen kesyon ou vle poze sou lèt sa a, telefonnen biwo nou an tanpri nan nimewo 617-506-4970 e pèsònèl nou ap trè kontan ede w. Se yon gran privilèj pou nou dèske ou chwazi nou kòm founisè swen medikal prefere w e nou pa ka tann pou n wè w nan nouvo biwo Dr. Tran nan.

Ak tout respè,

*Joseph M. Weinstein, M.D., FACC, FACP*

Joseph M. Weinstein, M.D., FACC, FACP  
Prezidan, Stewardship Health

## DRAFT Dr Weinstein letter for PCP patients in Carney/NVMC markets

[Date]

Chè pasyan nan swen primè,

Ou siman deja konn sa men Carney Hospital ki Dorchester e ki Nashoba Valley Medical Center nan Ayer ap fèmen e p ap disponib ankò pou sèvis dijans ozanviwon 31 out 2024. N ap ekri w poutèt nou ta renmen asire ou konnen tout opòtinite ki gen pou jwenn swen medikal nan kominote ou a.

**Doktè oubyen founisè premye swen ou genyen an p ap chanje. Klinik swen primè nou yo ki nan katye Carney e Nashoba ap rete louvri e ap disponib pou founi w swen.** Ou ka toujou kontinye kominike avèk biwo PCP ou a nan menm nimewo telefòn epi pran randevou, jwenn rezilta analiz nan laboratwa, mande pou renouvèlman preskripsyon epi voye mesaj bay biwo PCP ou a nan pòtal StewardCONNECT la nan [www.stewardconnect.org](http://www.stewardconnect.org).

Tanpri, konnen nou sekirize dokiman medikal ou yo e nou genyen yo tou soulamen pou nou ka kontinye founi w pi gwo kalite swen ki posib. Pa gen anyen pou w fè sou sa ki konsène dosye swen primè ou yo.

Si w gen yon ijans medikal, rele tanpri 911. Apre fèmeti etablisman Carney e Nashoba yo, sèvis repatisyon dijans ap voye w nan lopital ki pi pre w la. Ansyen pasyan Carney yo ap refere bay Boston Medical Center e ansyen pasyan Nashoba ap refere bay Emerson Hospital nan Concord oubyen UMASS Health HealthAlliance Clinton Hospital nan Leominster.

Kòm yon resous pou ou, andan lèt la gen yon lis lòt etablisman swen medikal ki nan kominote w la, tankou sant medikal kominotè nan Dorchester e nan vil tou pre yo ansanm ak etablisman ki founi swen dijans nan epi ozalantou kominote Dorchester e Ayer.

N ap kontinye founi mizajou, enfòmasyon e konsèy sou kontinuite swen espesyalize nan pwochen jou yo. Antretan, depi w gen kesyon ou vle poze oubyen w gen enkyetid, kominike tanpri avè nou nan nimewo **508-630-7280**.

Mèsi.

Joseph M. Weinstein, MD, FACP, FACC  
Prezidan  
Stewardship Health Medical Group

Dènye mizajou, 12 out 2024 a 2:06 p.m.



# HEALTH | CHOICE

MASSACHUSETTS

6 out 2024

Onè moun ki enskri nan Steward Health Choice,

N ap ekri w lèt sa a paske nou wè nan dosye nou yo doktè premye swen k ap suiv ou a se youn nan biwo ki site annapre la e biwo li a nan menm adrès ak Carney Hospital oubyen Nashoba Valley Medical Center. Byenke **Carney Hospital e Nashoba Valley Medical Center ap fèmen ozanviwon 31 out 2024**, aksè nan swen primè ou p ap change.

**Lotus Med, LLC**  
190 GROTON RD  
STE 290  
AYER, MA 01432

**Carney Primary Care Center**  
2110 DORCHESTER AVE  
STE 101  
DORCHESTER, MA 02124

**Primary Care Clinic Boston Pc**  
2110 DORCHESTER AVE  
STE 314  
DORCHESTER, MA 02124

**Family Medicine Ayer**  
198 GROTON RD  
STE 2  
AYER, MA 01432

**Resil Medical Assoc Pc**  
2110 DORCHESTER AVE  
STE 205  
DORCHESTER, MA 02124

**Nashoba Family Medicine**  
788 BOSTON RD  
GROTON, MA 01450

Pratik swen primè Steward ki make anwo a ap **rete nan menm adrès la e ap gen menm nimewo telefòn nan e enfòmasyon pou biwo a**. Si w gen kesyon ou vle poze sou aksè nan sèvis swen primè, kominike tanpri ak biwo founisè swen primè ou a.

Lè Carney Hospital e Nashoba Valley Medical Center fèmen, p ap gen swen k ap founi bay pasyan nan lokal sa yo ankò, sa gen ladan sèvis swen dijans. Si w gen yon ijans medikal, rele tanpri 911. Apre fèmti etablisman Carney e Nashoba yo, sèvis repatisyon dijans ap voye w nan lopital ki pi pre w la. Ansyen pasyan Carney ap refere bay swa Boston Medical Center oswa Beth Israel Deaconess-Milton. Ansyen pasyan Nashoba ap refere bay swa Emerson Hospital nan Concord oswa UMass Memorial Medical Center nan Leominster.

Dènye mizajou, 12 out 2024 a 2:06 p.m.



# HEALTH | CHOICE

MASSACHUSETTS

N ap kontinye founi mizajou, enfòmasyon e konsèy sou kontinuite swen nan pwochen jou yo. Antretan, depi w gen kesyon ou vle poze oubyen w gen enkyetid, kominike tanpri avèk sant sèvis kliyan Steward Health Choice nan (855) 860 – 4949.

Si doktè premye swen k ap suiv ou a pa youn nan biwo premye swen ki site anwo a, oubyen si w chwazi yon nouvo founisè premye swen oubyen yon nouvo plan medikal, sonnen sevis kliyan MassHealth tanpri nan (800) 841-2900, TDD / TTY : 711 lendi – vandredi, 8 a.m. – 5 p.m. W ap jwenn plis enfòmasyon sou lòt plan medikal nan gid enskripsyon an. W ap jwenn gid la nan [MassHealthChoices.com](https://www.masshealthchoices.com) anba “Member Materials” (Dokiman pou manm).

Nou gen anpil rekonesans paske ou mete konfyans ou nan Steward pou l founi w swen medikal, e nou pa ka tann pou n founi w swen medikal alavni.

Ak tout respè,

Joseph M. Weinstein, M.D., FACC, FACP  
Prezidan, Stewardship Health

## DRAFT SMG/Stewardship CARNEY &amp; NASHOBA PCP patients

12 out 2024

Chè pasyan,

Se ak anpil regrè n ap di w **Carney Hospital e Nashoba Valley Medical Center ap fèmen ozanviwon 31 out 2024**. Apre dat sa a, yo p ap founi pasyan yo swen atout sèvis dijans.

Estandone sa k ap rive a, n ap founi enfòmasyon annapre la yo pou reponn kesyon oubyen adrese enkyetman ou genyen.

Doktè premye swen ou genyen an p ap chanje. Y ap rete nan menm adrès la e ap toujou gen menm nimewo telefòn e enfòmasyon sou biwo yo . Tanpri, sèl chanjman pou swen primè se nan Carney market kote Dr. Phi Tran ap rete nan adrès kote li ye alèkile a jouk nan 28 out 2024. Apre dat sa a, biwo Dr. Tran lan ap deplase pou l ale nan 2110 Dorchester Avenue, Suite 209, Dorchester, MA. Nimewo telefòn biwo Dr. Tran lan p ap chanje.

Si w gen yon ijans medikal, rele tanpri **911**. Apre fèmti etablisman Carney e Nashoba yo, sèvis repatisyon dijans ap voye w nan lopital ki pi pre w la. Ansyen pasyan Carney yo ap refere bay swa Boston Medical Center oswa Beth Israel Deaconess-Milton e ansyen pasyan Nashoba ap refere bay swa Emerson Hospital nan Concord oswa HealthAlliance-Clinton Hospital nan Leominster. N ap kontinye founi mizajou, enfòmasyon e konsèy sou kontinuite swen nan pwochen jou yo. Antretan, depi w gen kesyon ou vle poze oubyen w gen enkyetid, kominike tanpri avè biwo founisè premye swen ou an.

Mèsi.

*Joseph Weinstein, MD, FACP, FACC*

Joseph Weinstein, MD, FACP, FACC

Prezidan

Stewardship Health Medical Group

DRAFT Dr Weinstein/Kim Bassett letter for **SPECIALTY** patients in Carney/NVMC markets

Chè pasyan,

Ou siman deja konn sa men Carney Hospital ki Dorchester e ki Nashoba Valley Medical Center nan Ayer ap fèmen e p ap disponib ankò pou sèvis dijans ozanviwon 31 out 2024. N ap ekri w paske nou ta renmen asire ou konnen ki chanjman k ap fèt nan founisè espesyalize k ap suiv ou nan lopital Carney oubyen Nashoba.

Kontinuite swen ou yo se sa ki pi ènèt pou nou. Nan sèten sitiyasyon, espesyalis ou a gendwa rete nan menm adrès la epi kenbe menm nimewo telefòn nan. Nan lòt sitiyasyon, espesyalis ou a gendwa chanje adrès poutèt lopital la ap fèmen. Tanpri, wè dokiman ki vin ansanm avèk lèt sa a ki gen tou dènye enfòmasyon sou espesyalis Steward Medical Group ki nan kominote Carney e Nashoba.

Sizoka ou ta renmen wè lòt opsyon nan rezo Steward la, ou ka kontakte Steward DoctorFinder™ nan (800) 488-5959 oubyen nan [Steward Health Care - jwenn yon doktè](#). Anplis de sa, n ap ba w tou nimewo telefòn Massachusetts Board of Registration in Medicine (BORIM) e sit entènèt la pou si w ta pito itilize yo kòm yon resous pou w jwenn yon nouvo doktè. Nimewo telefòn lan se 781-876-8200 ; sit wèb la se : [BORIM jwenn yon doktè \(mass.gov\)](#) oubyen (<https://findmydoctor.mass.gov>). Ou gendwa kolabore tou avèk plan medikal ou genyen an pou w idantifye yon nouvo doktè espesyalize, si w ta bezwen youn.

W ap kontinye wè enfòmasyon medikal ou yo nan pòtal StewardCONNECT la nan [www.stewardconnect.org](http://www.stewardconnect.org). Nou ankouraje w enprime yon kopi dosye medikal ou yo pou l pi fasil pou ou.

Si w gen yon ijans medikal, rele tanpri 911. Apre fèmti etablisman Carney e Nashoba yo, sèvis repatisyon dijans ap voye w nan lopital ki pi pre w la. Ansyen pasyan Carney yo ap refere bay Boston Medical Center e ansyen pasyan Nashoba ap refere bay Emerson Hospital nan Concord oubyen UMASS Health HealthAlliance Clinton Hospital nan Leominster.

Dosye medikal ou yo sekirize epi yo soulamen, e Steward Medical Group ap kenbe dosye medikal orijinal ou yo. Si w bezwen yon kopi dosye medikal ou yo, ranpli tanpri dokiman otorizasyon ki ansanm ak lèt la epi voye l tounen bay :

N ap kontinye founi mizajou, enfòmasyon e konsèy nan pwochen jou yo. Antretan, depi w gen kesyon ou vle poze oubyen w gen enkyetid, kominike tanpri avè nou nan nimewo telefòn **508-630-7280**.

Mèsi.